***ТIымыжь Хь. Т. ,***
***Борэн А. Хъу.***

# ДАХАГЪЭР НАЛО З. И НОВЕЛЛЭХЭМ КЪЫЗЭРЫХЭЩЫР

*(Представление о прекрасном в новеллах З. Налоева)*

В статье рассматриваются онтологические особенности категории прекрасного в новеллах известного кабардинского прозаика З. М. Налоева. В работе красота характеризуется не только как благое в его структурном выражении и чувственной видимости идеи, но и как следование традициям адыгской этнической эстетики, этим самым раздвигая существующее представление о красоте как таковой и понятие прекрасного в его этнокультурной интерпретации. Особое внимание уделено роли яркой творческой индивидуальности в создании эстетического образа.

***Ключевые слова:*** *литературный процесс, прекрасное, философско-эстетическая категория, объективный и субъективный аспекты, идея, искусство, образ, новеллы, художественное мировидение.*

***Kh. T. Timizhev,***
***A. Kh. Buranova***

# THE CATEGORY BEAUTIFUL IN Z. NALOEV'S NOVELLS

The article deals with the ontological category features a wonderful short stories of famous writer Kabardian Z. M. Naloev. The work is characterized by the beauty not only as good in terms of its structural and sensual sight ideas, but also as an adherence to tradition of Adyghe ethnic aesthetics, thereby pushing our idea of beauty itself. Draws attention to the role of a bright creative individuality in the creation of aesthetic image, from which many readers get the joy and pleasure of the results of artistic creation of the author.

***Keywords:*** *literary process, perfect, philosophical and aesthetic category, objective and subjective aspects of the idea, art, image, short stories, artistic vision of the world.*

Дэтхэнэ цIыхуми и лъым хэлъу къогъуэгурыкIуэ жыжьэу и гулъащIэм щигъафIэ, и псэр хьэщыкъ зыщI эстетикэ образыр сэтей къэ-

щIыныр. Ар щIыуэпсым къыпкърыкI гурыщIэщ, лъэпкъ къэс езым и нэпкъыжьэ телърэ пасэрей цIыхухэм я деж къыщежьауэ нобэ псэухэм я псэкупсэ дунейр къигъэщIу. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, уеблэмэ аращ литературэр, ар зы пкъыгъуэу зыхыхьэж гъуазджэр къежьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуари. ЗэфIэкI хэIэтыкIакIэ Тхьэм хигъэщхьэхукIахэр дунейм нэхъ мащIэ щыхъу щхьэкIэ, абыхэм я художественнэ IэдакъэщIэкIхэм цIыхухэм я нэхъыбапIэм гурыфIыгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ щагъуэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езыхэм къахуэмыIуатэу, яхуэмытхыу, яхуэмыухуэу, ауэ я гум илъу къекIуэкIхэр талант зиIэхэм я къэгъэщIыныгъэхэм деж щалъагъу. Нэхъыщхьэращи, а нэхъыбапIэм нэхъ мащIэхэм я пIэ зрагъэувэ, езыхэм а телъыджэхэр къэгъэщIыным хэлэжьыхь хуэдэу. Апхуэдэущ дэри Нало Заур Мухьэмэт и къуэм и литературэ къэгъэщIыныгъэхэм дазэрыбгъэдыхьэр, уеблэмэ дахагъэми пщалъэу абы къытхуигъэнахэрщ ноби ди тхакIуэ-усакIуэ куэдым гъуазэу яIэр, нэхъыбэу ахэр къызыхэщри и новеллэхэрщ. «Набдзэ къурашэрэ нэ фIыцIабзэу! И щхьэц фIыцIэ ухуэнар лъэдакъэпэм теуэу, уэлэхьи! Пушкиныр дэнэ къэна, езы ЩоджэнцIыкIу Алий хуэтхынтэкъым абы и дахагъыр! НтIэ, цIыхубзым и дахагъэр щахуэмыIуатэм деж, адыгэм жаIэр сыт? ТхьэIухудщ, жаIэ. Хур хъыджэбзщ е жэнэт бзущ, жаIэ» [3: 206].

Дахагъэм («эстетикэ идеалкIэ» зэджэ терминым и мыхьэнэр етту къыдогъэсэбэп) и пщалъэу Нало З. куэдрэ къихь мы щапхъэр, дауи, къызыхихар лъэпкъым и художественнэ дуней лъагъукIэм къигъэщIа IуэрыIуатэрщ. Псалъэм папщIэ, Сэтэней-гуащэ, Дахэнагъуэ, ЩхьэцфIыцIэ, Iэдииху сымэ я образхэми дадолъагъу мыпхуэдэ нэщэнэхэр. Ауэ IуэрыIуатэм къыщхьэщыкIыу, тхакIуэр зэи хэткъым «дахагъэм» и гъуазэу езым жиIар пхигъэкIыну. Ар тхылъеджэм къыхуегъэнэж, цIыху къэс езым и еплъыкIэрэ и дахэрэ зэриIэжыр, зым ейр адрейм техуэу зэрыщымытыр къыгуроIуэри, икIи «уэлэхьи, арам-тIэ жаIэу зэхэсхар» е «щхьэж зэрыфIэфIщ» псалъэхэр сыт щыгъуи персонажым и сурэтым дыщIегъуж. Аращ Аргудан щыщ «уэркъыпхъу Бэрэхэшт Налжан» и дахагъыр кIыхьу къыщIримытхэкIыр, ар тхакIуэм зыхилъхьэ щымыIэ и эпитет хэгъэщхьэхукIамкIэ зэфIегъэкI, «нэ фIыцIабзэ зиIэ», «щхьэц фIыцIэ ухуэна зытет» жеIэри. НэгъуэщI къыпигъэувэмэ, кIыхь хъуну къыфIощIри «адыгэхэр тхьэIухудкIэ зэджэм хуэдэщ» псалъэхэмкIэ кIэщI ещI.

Дахагъэр езыр философиемрэ эстетикэмрэ я зы пкъыгъуэщ. Ар пасэрей алыдж еджагъэшхуэхэм – Платон, Аристотель сымэ я деж къыщегъэжьауэ Гегель, В. Соловьев сымэ я деж щиухыжу – Іэмал имыІэу ирапхырт цІыхубэм хигъэщхьэхукІа хъуэпсапІэ гуэрым. Философхэр щыпсэуа лъэхъэнэм, зыхэпсэукІ дунейм, зыщыщ лъэпкъым и хъуэпсапІэхэм тещІыхьауэ ар къагъэлъэгъуащ. Хэт ар хьэпшыпым (предметым) и теплъэм, щытыкІэм ирихьэлІащ, хэти, адыгэ ІуэрыІуатэм насыпым и дамыгъэу къыщыкІуэ Дахэнагъуэ хуэдэу, гукъэкІымрэ гупсысэмрэ (идеем) хуигъэкІуащ, щыІэщ «дахагъэмрэ пэжыгъэмрэ зыуэ къэзылъытахэри» [2: 119]. Э. Канти абы щыхьэт тохъуэ: «предметым и дахагъэр къэзыгъэлъагъуэр абы и теплъэ къудейр арауэ», – жеІэри. Абы щхьэкІэ предметым уитхьэкъуу, удихьэхыу щымытми хъунущ, нэхъыщхьэр псори я пІэм итыныр, зэпэбжу (симметрие) щытынырщ. Нало Заур дахагъэм ирит гурыІуэныгъэр нэгъуэщІщ. Ар зы лъабжьэм – лъэпкъ ІуэрыІуатэм иубзыхуам – къыщожьэри къудамитІу зэгуокІ: купщІэм и дахагъэмрэ (пкъырылъым и эстетикэрэ) теплъэм и дахагъэмрэ (формэм и эстетикэрэ).

КупщІэм и дахагъэмрэ теплъэм и дахагъэмрэ зэрызэгъусэм и щапхъэу къэпхь хъунущ «ТхьэІухуд нэкъуэлэн» новеллэм дызыщрихьэлІэ Налжанрэ абы иухуа унэмрэ. Налом къызэригъэлъагъуэмкІэ, уи фІэщ мыхъуным хуэдизщ а цІыхубз цІыкІум хузэфІэкІыр: «Пщэдджыжьым, мо дыгъэ нэкІутІэр къыщІэмыкІыу, а тхьэІухудыр къэтэджырт, Урыхупс кІуэрти, зэнзэныпс къихьырт, напэнши хэмыплъауэ, Іэщи хэмыфауэ, итІанэ пхъэ икъутэрт, пщафІэрт, жэмыр къиширти, Іэхъуэм дихурт; джэдкъазыр игъашхэрт, гуащэри игъашхэрт аби, щхьэнтэм тригъэтІысхьэжырт. Абы къыдэхуэІамэ, езыр едзакъэрти, сэман гъэжын щІидзэрт, итІанэ жылэр хадапщІэ щыкІуэкІэ, яхэту кІуэрт» [3: 207]. Пэжщ, езы тхакІуэми къызэрыхигъэщщи, гугъуехьым цІыхур имыгъалІэми, и фэр дахэ ищІыркъым. Налжани и фэр кІуащ, ауэ унэр щІын иухащ. Абы еплъыну къызэхуэсахэм яхэтт новеллэм и лирическэ лІыхъужьри – Мусэ. Мыбдежми метафорэу тхакІуэм къыщегъэгъэсэбэп фІыуэ илъагъу «нэ пІащитІыр». Унэр адыгэхэм я унэ ухуэкІэ хабзэм тету, и гупэр къуэкІыпІэмкІэ гъэзауэ, ящІат, «уэшх щІэмышхэн е дыгъэр къызэрыщІэкІыу къыщІэпсэн хуэдэу». АдэкІэ Мусэ и псалъэм къыпещэ:

«А унэ гупэм сызэрыІуплъэу, сыкъыхэкІиикІ пэтащ, апхуэдизкІэ Налжан ещхьт ари! Бжэ щІыхьэпІэмкІэ хэлъ щхьэгъубжэшхуитІыр Налжан и нэ пІащитІырт, и напІэхэр лъагэу Іэтарэ, дыгъэ къыщІэкІыр игъэщІагъуэу еплъ нэхъей!» [3: 208]. «Зи фэрэр кІуэда» цІыхубзым и псэм и нэхуагъыр унэщІэм кІуат, нэгъуэщІу жыпІэмэ материальнэ щытыкІэм – купщІэм и дахагъым хуэкІуат. Абы гу лъитат новеллэм и лІыхъужь нэхъыщхьэм: «Налжан и дахагъэ телъыджэр и псэм къыхэнауэ хэлът, яхуэмытхьэлауэ, яхуэмыуфІеяуэ, зэкІэщІамышыфауэ» [3: 209]. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, а зы новеллэм и кІуэцІкІэ купщІэм и дахагъэу къэдгъэлъэгъуар псэм и дахагъэм щыхуэкІуэжащ. Нало Заур дахагъэм и пщалъэу къилъытэм материемрэ гукъэкІымрэ (идеемрэ) щызэхэшыпсыхьыжри уэрдыхъу теплъэ зиІэ къэухь къагъэхъуащ. Пасэрей философхэм къызэралъытэу щытари аращ – щІыуэпсым и къэгъэщІыныгъэхэм ящыщу теплъэ нэхъ узэщІауэ, дахэ дыдэу ябжу щытар уэрдыхъуращ (е сферэ теплъэ зиІэ хьэпшыпхэр).

Нало З. дахагъэм ехьэлІауэ иІэ апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр зы къэухьышхуэу къызыщыбгъэхъумэ, ар, езым зэрыжиІэу щытам хуэдэу, «дэлэн бзыгъэурэ» зэпыбгъэщхьэхукІыж мэхъу. А къызыщыдгъэхъу дэлэныр, дэ дызэреплъымкІэ, щы ищІыкІамэ, нэхъ тэмэму къыдолъытэ: лирическэ лІыхъужьым и сабиигъуэр (БлутІ е БлутІэ, Мэд, Юрэ, Брунэ), балигъыпІэ щиувэ ныбжьыр (БлутІэ, Исмел, Хьэбалэ, Хьэбий), щІалэгъуэрэ акъыл тІысыгъуэрэ щрикъум деж (Мусэ, Албэч, ХьэкІашэ, ТІытІу, Жамырзэ, Къэралбий, Мурат). Тхьэмадэ Іущхэм я чэнджэщхэм дащІигъэдэІуу, апхуэдэ персонажхэр и новеллэхэм къыхигъэхьэми, тхакІуэм и творчествэм абыхэм увыпІэшхуэ щаубыду дэ къытхуэлъэгъуакъым.

ТхакІуэм и персонажхэм дахэу е абы и щапхъэу къалъытэхэр я ныбжьым тещІыхьауэ зэщхьэщокІ. Сабий литературэ лІыхъужьхэм – БлутІэ («Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ»), Мэдрэ Юрэрэ («ТІытІу и дыгъэ шыщІэ») яфІэдахэр я хъуэпсапІэхэр зыхуэдэм елъытащ. БлутІэ гъукІэ щІалэ цІыкІум и хъуэпсапІэр и гъэсакІуэ ХьэкІашэ хуэдэу ІэпщІэлъапщІэ хъунырщ. ГъэсакІуэм нэхърэ нэхъ Іэзэрэ нэхъ цІыху зэкІэлъыкІуэрэ дунейм темыту къыщохъу абы. Зэм ар нарт Сосрыкъуэ, зэми Лъэпщ ирегъэщхь, и лэжьэкІэр-щэ: «...и уадэр уэрэд жиІэу къигъафэрт, мо хужьу плъа гъущІым зэрытехуэу, хупхъэм тхьэвыр зэры-

хихум хуэдэу хихуу, зытехуапхъэм техуэурэ зыхуейм хуигъакIуэу – тхьэм ибгынэжа гъущI кIапэжь къищтэрти, псэ хилъхьэрт» [3: 7]. Мис а псэр гъущIым хилъхьэфу есэнырт лирическэ лIыхъужьым и хъуэпсапIэр. Ар ныбжьыщIэм къехъулIауэ тхакIуэм щыдегъэлъагъу «Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ» новеллэм. ГъукIэм и Iэзагъыр гъуазджэм (искусствэм) и щыгум нэзыгъэсыфа гъэсакIуэм (ХьэкIашэ и къру закъуэ сурэтым) IэпщIэлъэпщIагъэкIэ пэхъун дыд ищIат БлутIи. КIыщым щIэкIыжа фащIэхэм «тхьэ щаIуэжырт езы Мусэ и IитIыр зэтедзауэ щысу и дыдыр дэуэ» [3: 19]. ТIытIу и дыгъэ шыщIэ» новеллэм хэт персонажхэу Мэдрэ Юрэрэ, «МэракIуашхэ» рассказым дызыщрихьэлIэ Хьэлийрэ Музэчыррэ я хъуэпсапIэхэр нэгъуэщIщ: зауэм зи сабиигъуэр илыпщIа цIыкIухэр зэпщIыхьыр я ныбэ изу шхэуэ щыхъужыну зэманырщ. Псыхъуэм джэгуу щыдэсми, «Нотхэ я тут мэракIуейм» щытесми аращ абыхэм я псалъэмакъым хэмыкIыр. Уеблэмэ я хъуэпсапIэм ахэр ирехьэжьэри псыхъуэм «Урыху-къалэ» щаухуэну хуожьэ. Ар сыт хуэдэ къалэ езыр: и уэрам нэхъыщхьэм Урыхужь къыхаша псыр щежэхыу, «бэтэгъэ лъаги къыщхьэщытыжу».

Къыхэгъэщын хуейщ, Нало З. псэуху и сабий хъуэпсэныр зэримыухар. ЩыцIыкIум деж сабийм и хъуэпсапIэу щытахэм цIыхур балигъ хъуа нэужьи дахьэхыу къызэрынэжым иджырей щIэныгъэр щыхьэт тохъуэ. Арауэ къытфIощI дэ Налор апхуэдизу сабиипсэм гъунэгъу хуэзыщIыфар, сабий тхакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зы ар зыщIари. Нало Заур сабий тхакIуэу лъэпкъ литературэм къыхыхьащ, а къалэным япэ иригъэщи щыIакъым. Абы щыхьэт тохъуэ «нанэ и псэ дахэмрэ дадэ и бзэ дахэмкIэ» Нало-тхакIуэм къигъэщIа художественнэ тхыгъэ телъыджэхэр, Нало-щIэныгъэлъым и сабий щэнгъасэ лэжьыгъэхэр. Сабий ныбжьым икIыу балигъыпIэ иувэ щIалэщIэм и хъуэпсапIэр, дауи, нэхъ ин, дахагъэм и щапхъэу илъытэри нэхъ хэгъэщхьэхукIа мэхъу. ЗэкIэ ар пэжыжьэкъым сабийм и хъуэпсапIэм – шхын IэфIым, аращ иджыри «Ирэ и нэкугъуэр фошыгъум хэлъ балий фIыцIэм» [3: 8] щIещхьыр, иужькIэщ а нэ фIыцIитIыр «жэщ мазэгъуэм уафэм щыблэ нэхъ вагъуэшхуэ дыдэхэм ещхь щыхъунур». Илъэс пщыкIуплI фIэкIа мыхъуа БлутI «зи ишэгъуэ дахэ Ирэ щэхуу зэрыкIэлъыплъым» гу зэрылъатар къыщраIуэкIкIэ, «шыбжийм нэхърэ нэхъ плъыжь къэхъуми», иджы фIэIэфIыр ныбэизыгъэркъым. Абы и хъуэпсапIэм къыхохьэ и гъукIэгъу ХьэкIашэ и фIыгъэкIэ хьэрып поэзием

игъэлъапIэ дуней телъыджэ, лъагъуныгъэ газелхэмкIэ гъэнщIауэ. А дуней хьэлэмэтым и хэкIыпIэ хъуэпсапIэрщ «зи дамэшхуэхэр щIиупскIэ нэхъей Iэта, зи пщэмрэ зи лъакъуэхэмрэ укъуэдия къру закъуэм», «къэбгъэшмэ, «зыууу!» жиIэу, зызыукъуэдииж Мусэ и дыдым», «къру ишам хуэдэу дахэрэ и джабэхэм пхъэбгъу зэгъэкIуа зыкIэрыукIэжа Исмел и бригантинэм» хуэдэхэр къэзыгъэщIыр. Мы ныбжьым нэхъыщхьэ щыхъуу хуожьэ а дахагъэм ущIэхъуэпс къудей мыхъуу, ар зэбгъэхъулIэфынуи зэрыщытыр. Абы щхьэкIэ, БлутI хуэдэу, щхьэх умыщIэу «IэщIагъэм и щэхухэр» зэбгъэщIэн, Исмел («Исмел и бригатинэ ныкъуэщIыр») хуэдэу уи хъуэпсапIэхэм ущIэзэун хуейщ, узыпэмылъэщынкIэ хъуну лъэпощхьэпо куэд къаплъыкъуэкIми. ЦIыхур мыхъуапсэмэ, дахагъи къигъэщIыфынукъым. Дахагъэ хэмылъмэ, гъащIэр гъащIэкъым, дахагъэ хэмылъмэ, литературэри литературэкъым.

Нало Заур и новеллэхэм къахэтха мы щапхъэхэмкIэ дэ къэдгъэлъэгъуэну дызыхэтар сабий ныбжьым итымрэ балигъыпIэ иувэмрэ я хъуэпсапIэр иджыри дахагъэм и къуапитIым язым – объективнэ е предметнэкIэ дызэджэм – нэхъ ехьэлIауэ зэрыщытырщ. Адрей къуапэр – субъективнэу е гурыщIэм (эмоцием) ехьэлIауэ щытыр нэхъ зыдэтлъагъур зи щIалэгъуэ е «лIыку ныбжькIэ» адыгэхэр зэджэм ит персонажхэрщ. Къызэрыхэдгъэщащи, тхакIуэм и художественнэ дунейм теплъэ дахэм къыщыбгъэдоувэ псэ дахэри. А тIур зы щыхъуи, уэ узэрыщыгугъам хуэдэу, теплъэм хуэфащэ купщIэ щимыгъусэжи щыIэщ. Литературэдж щIэныгъэлI В. Е. Хализовым къызэрилъытэмкIэ, Iуэхур здэщыIэр цIыхум илъагъу «предметхэм я теплъэмрэ я нэщэнэхэмрэ акъылым къызэрищтэрщ» [5: 16]. ЦIыхум езым игъэува жыпхъэм теплъэр имызагъэмэ, ар къимыщтэнкIэ мэхъу, дахэ дыдэу щытми. ГурыщIэм (субъективнэм деж) ехьэлIамэ, псом япэу Налом дахагъэм и щапхъэр зыдилъагъур бзылъхугъэрщ – «Iунэ хъыджэбз къамылыфэм» («Хьэбалэ и пхъэ гуащэ»), нэ пIащэ фIыцIитIыр «вагъуэу зи нэкIум къилыдыкI IэфIынэ» («IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр»), «зи щхьэцыгъуэ плIакIуэр тIууэ ухуэнауэ данэпсым къызэпхыпс» Бижан («Унэидзыхьэ»), «къанжэм и хужьыр зи хужьрэ къанжэм и фIыцIэр зи фIыцIэ» Налжан («ТхьэIухуд нэкъуэлэн») хуэдэхэрщ.

ТхакIуэм и тхыгъэ псоми узыщрихьэлIэр, дауи, мыпхуэдэ «тхьэIу-

худ тхахэм» я закъуэкъым. Апхуэдэхэм деж дахагъэм и етIуанэ щапхъэу абы къихьыр псэрщ. Къэбэрдейм щауэу исым я хъуэпсапIэ, «езы тырку сулътIан дыдэр щхьэгъусэу къызыщIэупщIа Аружан» («Бэлэ и дыху-сабыныр») къигъанэу «жьыгъунау хужыпIэну, тIэкIуи хуэпэнурэ икIи жьэкъыпэ дыкъуакъуэ» Чазимэ персонажым къыхезыгъэхыр сыт-тIэ? Езы тхакIуэм жэуап зэрыритыжымкIэ, цIыхубзым и псэм и дахагъырщ. «Псыи хуэмылIэ, пэгунми хэфыну езымыгъэкIу» ДжэбрэIил-ефэндыр Чазимэ и набдзэ къурашэхэмрэ и нэ къуэлэнитIымрэ пэщIэтыфакъым – «а нитIым къащIих нурыр дыгъэм нэхърэ нэхъ гуащIэт, налкъутым нэхърэ нэхъ дахэт» [3: 429]. А нитIым яужькIэ новеллэм хэт лIыхъужьым «Аружан фIэхьэлэмэтыжакъым икIи фIэтхьэIухудыжакъым». Адыгэхэм зэрыжаIэу, «нэм фIэдахэр псэм фIэIэфI хъуащ». Мыбдежым Налом и Iуэху еплъыкIэр техуащ литературэдж щIэныгъэлI цIэрыIуэ М.М. Бахтин дахагъэм ехьэлIауэ жиIа псалъэхэм: «ФIылъагъуныгъэм и закъуэщ дахагъэр къэзыгъэщI къаруууэ щыIэр» [1: 281]. ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, а дахагъэр цIыхухэм я зэхущытыкIэм, я зэпыщIэныгъэм епхащ. Аращ куэдым къабылу къызэдащтэ Iуэху еплъыкIэхэми лъабжьэ яхуэхъур. Мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм цIыхухэр зэрешалIэ, зым и гъащIэм адрейр къыхэша мэхъу, псэгъу зэхуещI. Адыгэ джэгуакIуэусакIуэ цIэрыIуэ Агънокъуэ Лашэ зэрыжаIащи, «Мы дунеижьыр къызэрыхъурэ / Фундамит папщIэу зытетыр / Хугумрэ лъагъуныгъэмрэщ / Языр зыгуэркIэ тIэщIэкIмэ, / Дунейм и кIуэдыжыгъуэщ... / ЦIыхубзым и нэфIымрэ / ТхьэфIым и гущIэгъумрэ сыхыумыгъадэ» [4: 40].

Лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэм щIапIыкIа Агънокъуэми Наломи дахагъэм, эстетикэ лъагэм я щапхъэу ялъытэр бзылъхугъэрщ. Сыт хуэдэ теплъэ ямыIами, абыхэм я псэм и дахагъэмрэ къабзагъэмрэ нуру къахолыдыкI Налом и дэтхэнэ новеллэми. Щыщыуэ къэхъуми, жамыIэпхъэ къащыжьэдэкIми, зэи ахэр тхакIуэм игъэкъуаншэркъым, «къуэншагъэр щилъагъур абыхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэзымыщIыф, и чэзум псалъэ IэфI яжезымыIэф цIыхухъухэм я дежщ». ЦIыхухъур зыгъэбжьыфIэр цIыхубзырамэ, цIыхубзыр зыгъэдахэр цIыхухъурщ. А дахагъэр, лъэпкъым хигъэбелджылыкIа лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр – бзылъхугъэр – тхъумэну и новеллэхэмкIэ дыкъыхуреджэ Нало Заур.

## ЛИТЕРАТУРЭ

1. *Бахтин М. М.* Работы 20-х годов. Киев, 1994.
2. *Гегель Г. В. Ф.* Эстетика. М., 1973. Т. 1.
3. *Нало З. М.* Къру закъуэ. Налшык, 2012 // Налоев З. М. Одинокий журавль. Нальчик, 2012.
4. *Нало З. М.* Ипэрей адыгэбзэ литературэм и антологие. Налшык, 2010 // *Налоев З. М.* Антология раннеписьменной адыгской литературы. Нальчик, 2010.
5. *Хализев В. Е.* Теория литературы. М., 2004.

3 Заказ № 484